Жек көреди қарекең,
Ўаҳаҳасын аспанға,
Жеткереди қарекең. [5]

Қарақалпақ халқының өзине тән болған миллий өзгешеликлерин қосық қатарларында дәл сыпатланып, сәўлелендирип берилген шайырдың бул қосығы қарақалпақлардың басқа халықларға уқсамайтуғын салт-дәстүриндеги дайылы-жийенлердиң, жеңге менен қәйинниң, жезде менен балдыздың, тең қурбы-қурдаслардың ашық кеўил менен бир ҳәзиллесип, басқыласып алатуғын кең даласындай саҳрайы тәбияты, сулыў жырдың өзегине айландырылған. Қарақалпақлардың «Күлки деген мүлки бар» [9] -деп шайыр басқыға дәл жуўап беретуғын қосықты дөрете алған:

Қарақалпақтың неси бар,
Ең қымбатлы журты бар,
Кеўлиниң хошы бар,
Күлки деген мүлки бар.
Күлмесе күни өтпейди,
Күлмесе келмес уйқысы,
Кеўлиниң бир мушында,
Түртип турар күлкиси.
Бир күлисип алмаса,
Дийхан салы ормайды,
Ўаҳаҳасы болмаса,
Қарақалпақ болмайды. [5]

«Ҳеш қандай силтеў болмайды, егер қарақалпақ миллетин анық айырып таныған келсе, қарақалпақлар араласып жүрипти-аў деген әтирапта қатты күлки, өлтире басқы болады. Күлисип атырған бир топар адамларды ушыратып тап усының ишинде қарақалпақ бар деп айтсақ ҳеш қандай да өтирикши болмайсаң. Халқымыз сол дәрежеде күлкини сүйеди, ҳүрметлейди, ойлап шығарады, аямай досына да, душпанына да жумсайды. Бул халқымыздың миллий айырмашылығының үлкен бир белгиси» [6].

Фольклордағы юмор-сатираны изертлеген Ю.Пахратдиновтың пикири менен шайыр Т.Мәтмуратовтың дөретпесиндеги қарақалпақлар ҳаққындағы сүўретлеўлери бирин-бири толықтырып тур. Бул қарақалпақ халқы жүдә ашық, ақ кеўил, дегишпели халық болып, елеге шекем аўызеки көркем әдебият жаратыў дәстүрин даўам еттирип, жанлы түрде сақлап киятырған талантлыларға, шешенлерге бай халық екенлигин көрсетеди.

**Әдебиятлар**


1. Қарақалпақ фольклоры көп томлық V том. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980. 71-74-б.
2. Автордың дала жазыўларынан.
3. Нызанов М. Қарақалпақлар. Екинши китап.(XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақлардың тарийхы, мәденияты ҳәм этнографиясы ҳаққында). –Нөкис: «Билим» 2021, 349-б.
4. Нызанов М. Сонда 349-350-б.
5. Мәтмуратов Т. «Күлки деген мүлки бар», «Жулдызлар жанар» қосықлар топламы. –Н.: «Қарақалпақстан» 1989.
6. Пахратдинов Ю. Адам жәмийет сатира. (Қарақалпақ фольклорындағы юмор ҳәм сатира). –Н.: «Қарақалпақстан» 1991.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ оғзаки ижодидаги басқи жанри ҳақида сўз қилинади. Басқи жанрининг, жанрий табиати таҳлил қилинади. Басқи сўзларнинг қорақалпоқ халқига хос бўлган хусусиятлари очиб берилган. Басқи сўзларининг қорақалпоқ халқи ичидаги ҳалигача жонли яшаши ва унинг аҳамияти очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается жанр баски в каракалпакском фольклоре. Анализируется жанровая природа басккского жанра. Выявляются особенности основных лексических единиц жанра баски каракалпакского народа. Раскрыто то, что лексика баски до сих пор живы среди каракалпакского народа и их значение.

**SUMMARY**

The genre of Karakalpak folklore is discussed. The genre nature of the Basque genre is analyzed. The peculiarities of the basic words of the Karakalpak people are revealed. The fact that Basky's words are still alive among the Karakalpak people and its significance is revealed.


## СӨЗ ОЙЫН ҚОСЫҚЛАРЫ – ҚАРАҚАЛПАҚ БАЛАЛАР ФОЛЬКЛОРЫНЫҢ ӨЗ АЛДЫНА БИР ЖАНРЫ СЫПАТЫНДА


**Қ.Бийсенбаев** – *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** болалар фольклори, савол-жавоб, драматик характер, сўз ва ўйин уйғунлиги, ижодкорлик, ижрочилик маҳорати.

**Ключевые слова**: детский фольклор, вопросы и ответы, драматизм, гармония слов и игр, творчество, исполнительское мастерство.

**Key words:** children's folklore, question and answer, dramatic character, harmony of words and games, creativity, performance skills.


Қарақалпақ көркем халық аўызеки дөретиўшилигинде «Сөз ойын қосықлары» ямаса «Ойын заўық қосықлары» атамалары көбинесе сораў-жуўап формасындағы поэзиялық қатарларға қарата айтылады. Балалардың көркем ойлаўының жемиси болған бул қосықлар көлеми жағынан ҳәр түрли: узын ҳәм қысқа болып келеди.

Сөз ойын қосықлары балалар фольклорының өз алдына тарийхый ҳәм дәстүрий характерге ийе болған жанрларының бири болып, балалардың бесик дәўири жуўмақланыўы менен атқарыла басланады. Әлбетте, бул қосықлар баланың жас өзгешелиги менен байланыслы айтылып, ойлаў ҳәм сөйлеў қәбилети раўажланып атырған еки-үш жаслардан басланады. Балалар сөз ойын қосықларының тийкарында қызықлы сораў-жуўап формасындағы көркем сөз қатарлары жатады.

Қарақалпақ балалар фольклорында сөз ойын қосыкларының халық арасынан жыйналыў, жазып алыў ҳәм жәрияланыў жумыслары XX әсирдиң 30-40-жылларында басланған. Бирақ, бул жанр бойынша бүгинги күнге шекем өз алдына арнаўлы жумыс исленбеген. Сөз ойын қосықлары оз алдына жанрлық қәсийетлерге ийе. Тили шыққан, яғный еркин сөйлей алатуғын сөз мәнилерине түсиниўши ҳәм сораўларға жуўап қайтара алатуғын балаларға үлкенлер тәрепинен айтылады. Сөз ойын қосықлары дәслеп балаға үйретилип атырған ўақытларда диалог формасында

айтылған, соңын ала қосық тексти толық меңгерилгеннен кейин өз алдына еркин айтыў имканиятына ийе болады. Сөз ойын қосықларында ойын ҳәрекетлери де тийкарғы зәрүр элементлердиң бири сапланады. Және бир әмийетли тәрепи атқарылыў процесинде мәлим бир ўақыт яки орын талап етилмейди. Оларды қәлеген ўақытта, қәлеген орында айтыў мүмкин. Жанрдың баслы өзгешелиги, ата-ана менен баланың дәсме-дәс жуўапласыўынан ибарат болса да, бирақ тийкарғы атқарыўшы биреў ғана болады [3:57]. Жанрдың және бир өз алдына әҳмийетли қәсийети сөз ойын қосықлары тили жеңил, ядлап алыўға қолайлылығында. Балалар бул қосықларды атқарып атырғанда сөзлер көз алдына көринислерди пайда етеди ҳәм өзлери белгили бир образ хизметинде атқарыўы мүмкин.

Мәселен:

- Ҳә, Түлкишек, Түлкишек
Түнде қайда барасаң?
- Мамамның ўйине бараман.
- Мамаң саған не берер?
- Ешки саўып сүт берер.
- Ешкисиниң сүти жоқ
Ылағының путы жоқ.
- Тарам-тарам ет берер.
-Оны қайда қоясаң?
-Тал түбине қояман.
-Ийт әкетсе қәйтесең?
- Ийт аўзынан аламан
Батий ханға бараман
- Батий ханның неси бар?
-Ушар-ушар қусы бар
Ушып кетти ҳаўаға,
Қайтип түсти дәрьяға,
Дәрья суўын қурытты,
Ақ шабағын ширитти,
Бир байдың журтында,
Еки тышқан урысты.
Сақал муртын жулысты.

Қосық қатарларында көринип турғанындай, дәслеп әпиўайы сораў-жуўап түринде басланып, турмыслық, тарийхый ўақыялар менен ушласады. Бул жанрдың өз алдына ажыралып турыўшы өзгешелик тәрепи драмалық характерге ийе болыўында. Бундай қосықлардың сюжети, мазмуны күнделикли турмыста бар әпиўайы қубылыстан алынады да, ҳәммеси бириккен қонымлы, күлкили түрде көп ҳәдийселерден нәзик сезимлер, анық хабарлар бериледи. Бундай қосықлар балалар фольклорындағы ойын-қосық сыпатына ийе болып, драмалық түрге енип барады [2:28-29].

Сөз ойын қосықларының жанрлық жақтан өзгешелик тәрепиниң және бири онда ойын ҳәрекетлери ҳәм ойын элементлериниң пайдаланылыўы. «Әўелемен-дүўулемен», «Ақ терекпе, көк терекпе», «Бас бармақ, балан үйрек», «Ҳәкке қайда» ойынларын бундай сөз-ойын қосықларына мысал етип келтириўимиз мүмкин. Мәселен, «Ҳәкке қайда» ойынында балалар еки топарға бөлинип, қол усласып дөңгелесип турады. Ойын басқарыўшысы буйрығы, көрсетпеси менен биринши топар ойыншылары екинши топар ойыншылары менен қол усласып бир аяқлап секирип айланып жүреди.

Биринши топар: Ҳәкке қайда? – деп сорайды.

Екинши топар: Уясында. – деп жуўап береди.

Биринши топар: Не ислеп атыр? – деп сорайды.

Екинши топар: Кесте тоқып атыр. –деп жуўап береди.

Биринши топар: Кестеси қандай? – деп сорайды.

Екинши топар: Алақандай. –деп жуўап береди.

Биринши топар: Аўзы қайдан? – деп сорайды.

Екинши топар: Өте бериң буннан! –деп жуўап береди.

Сөз ойын қосықлары сюжети белгили бир ектек, яки әпсаналардың сюжетин еске түсиреди. Балалар фольклорында бул жанрдың ойын элементлери менен бирге көркем сөздиң әҳмийетиде үлкен роль ойнайды. Қосықлардағы сөзлер туўра мәниге ийе болыўы ҳәм турақлы қатарлардан ибарат болғанлығы менен өзгешеленеди.

Жуўмақлап айтқанда, балалар фольклорында сөз ойын қосықлары өзиниң формасы, сюжети ертек ҳәм әпсаналарға қурылғанлығы, драмалық характери, жас өзгешелигине байланыслы атқарыў өзгешелиги, ойын элементлериниң сөз бенен уйғынлығы өз алдына жанр сыпатында қараў мүмкиншилигин береди.

**Әдебиятлар**

1. Allambergenov K., Qurbanbaev I., Kazaxbaev S. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı tariyxı (Oqıw qollanba). -Tashkent: «Tafakkur avlodi», 2020.
2. Қурбанбаев И. Қарақалпак балалар әдебияты. -Нөкис: «Билим», 1992.
3. Сейдин Амирлан. Айнанайын (Қарақалпақ аялаў поэзиясы үлгилери). -Ташкент: «Yangi kitob», 2020.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ оғзаки ижодига, жумладан болалар фольклорига мансуб “Сўз ўйин қўшиқлари” жанрининг ўзига хос хусусиятлари, тарихи, лирик ва драматик хусусиятлари хусусида фикр юритилади. Шунингдек, ушбу жанр бадиий халқ оғзаки ижодиётининг мустақил жанри сифатида таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются особенности, история возникновения, лирико-драматические особенности жанра «Песни словесной игры», принадлежащего каракалпакскому фольклору, в том числе детскому фольклору. Этот жанр также анализируется как самостоятельный жанр народного творчества.

**SUMMARY**

The article discusses the peculiarities, history, lyrical and dramatic features of the genre of "Word game songs" belonging to the Karakalpak folklore, including children's folklore. This genre is also analyzed as an independent genre of folk art.

## ФАРИДА АФРЎЗ ИЖОДИДАГИ УЧЛИКЛАР ШЕЪРИЙ ЖАНР СИФАТИДА

**Г.Дошанова –** *катта ўқитувчи*

*Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университети*

**Таянч сўзлар:** учлик, шеърий жанр, поэтика, маҳорат, услуб, ижод.
**Ключевые слова:** троица, поэтическая форма, поэтика, стиль, творчество.
**Key words:** Trinity, poetic genre, poetry, skill, style, creation.

Дунё адабиётида, хусусан, шеърий асарлар шакл ва мазмунига кўра жанрларга ажратилади. Одатда ҳар қандай шоир ўз қалбидаги ҳис-туйғулар мазмунини маълум бир шеърий шаклга солиб баён қилади. Жаҳон шеърияти тарихига эътибор берилса, айрим шеърий жанрлар маълум бир миллий характери-табиатига, жанр генезиси-келиб чиқишига кўра муайян бир миллат ёки ҳудудга ҳам тегишли бўлади. Шу жиҳатдан шеърий жанрлар жуда улкан категория сифатида Шарқ ва Ғарбда яратилган шеърий жанрларга бўлиниши